



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DISKOU YO JAN YO TE FÈT: GOUVÈNÈ CUOMO MANDE NOUYÒKÈ YO POU INI
YO NAN BATAY POU TOLERANS AK JISTIS LAN**

Mèsi tout moun, mèsi anpil. Se yon onè pou mwen la maten an. Mwen te ka fè kèk kòmantè sou entwodiksyon Reveran an, men mwen pa vle gen okenn pwoblèm ak Reveran an, espesyalman isit la, espesyalman kounye a. Mwen pa sonje okenn moun ki ap retounen konvoke li Washington. Mwen pa panse ke pèsòn konvoke Reveran Butts okenn kote. Mwen panse ke li gen yon patwon epi li pa nan plas sa epi li pral rankontre li yon lè nan fiti.

Reveran Butts se yon atou imans pou eta sa. Nou konnen gwo kontribisyon li antan ke yon pastè. Nou konnen ke li se tou Prezidan SUNY Westbury. Li se yon militan kominotè, yon devlopè kominotè, men mwen panse ke li gen plis bagay ankò pou ofri eta sa ak kominote sa.

Se yon onè pou mwen pou mwen la nan Gwo Abyssinian Baptist Church (Great Abyssinian Baptist Church), epi pou mwen rejwenn kèk envite ki distenge yo. Nou genyen gwo Manm Kongrè –Lyon Lenox Avenue (Lion of Lenox Avenue), Charles Rangel. Nou genyen Lyòn pou jistis (Lioness for justice) – Manm Konsèy Inez Dickens ki li menm isit la avèk nou. Nou genyen Alma Rangel ki te yon gwo potòrik sitwayèn epi li se yon gwo sipòtris pandan plizyè ane. Epi nou genyen Mrs. Portia Paterson ki se madanm yon moun ki distenge – ala yon sèvitè piblik ki distenge ki se, Basil Paterson, epi li se manman David Paterson.

Mwen vini devan nou jodi a ak kè mwen lou. Diskou politik lèd eleksyon an pa't fini Jou Eleksyon an, nan divès fason li te vin pi mal, pou vin tounen yon kriz sosyal ki kounye a ap defye idantite nou antan ke yon eta ak antan ke yon nasyon ak antan ke pèp nou.

Li depase politik: Li kesyone karaktè Ameriken nou – kilès nou ye ak nan kisa nou kwè.

Repons kèk moun, fè mwen malad anpil pou Amerik ke mwen konnen epi ke mwen renmen an.

Kounye a mwen pa poukont mwen. Gen anpil moun ki malad anpil pou Amerik yo an. Genyen jèn ak granmoun ki santi yo izole, derespekte epi ki konfi akòz de sa yo tande.

Nou kapab kounye a kòmanse konprann kisa Ansyen Testaman an vle di, lè li te di, "Moun ki simen van an, ap rekòlte tanpèt la."

Nou nan yon tanpèt layèn ak divizyon atravè tout peyi an. Etidyan nwa premye ane nan University of Pennsylvania te jwenn mesaj sou telefòn yo ki enkli imaj lenchaj ak ensilt rasyal. Jou apre eleksyon an yon moun te pentire mesaj rasis sou mi yo nan Durham, North Carolina: “Lavi moun nwa pa enpòtan, ni vòt ou an tou.”

Pandan semenn apre eleksyon an, Southern Poverty Law Center te rapòte ke genyen 437 ensidan entimidasyon ki vize moun nwa ak moun koulè yo, menm jan ak Mizilman yo, imigran yo, fanm yo ak manm kominote LGBT yo.

Mwen ta swete ke mwen ta ka di ke bèl eta New York nou an te iminize kont pwazon sa men se pa vre. Yo te jwenn depliyon ki ap pwomouvwa KKK nan machin ki pakin yo nan Patchogue, Long Island. Maten an, yo te dekouvri yon svastika nan tren B a nan Manhattan.

Nan Wellsville, an deyò Buffalo, yon moun te pentire yon svastika ki antoure ak mo “Fè Amerik Blan Ankò.”

Reyalite a se sa – si ou simen laperèz, ou ap rekòlte isteri. Si ou simen divizyon, ou ap rekòlte anachi, epi nou ap wè sa jounen jodi a. Nou te wè aksyon sa anvan. Masak kous lan nan Tulsa an 1921. Palmer Raids ak depòtasyon masif imigran yo nan ane ven yo. Enkaserasyon sitwayen Japonè yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la. Red Scare nan ane 1950 yo.

Sezon eleksyon sa te pwomouvwa epi ankouraje kòlè moun yo, epi san dout kòlè a li reyèl epi li vini ak bon lakòz. Li soti nan yon ekonomi ki ap mache pou minorite a odepan de majorite a. Pandan 30 ane nou te ap gade inegalite nan revni yo vin pi mal de jou an jou, ak yon klas mwayèn ki ap retresi nan povrete. Te genyen chanjman teknolojik ki te elimine dè milyon pòs travay epi li te detwi lavi, fanmi ak kominote yo an antye. Lè ou ale nan Rejyon Nò New York lan epi gade vil yo ki te gen yon faktori, epi ou wè faktori sa delokalize epi vil sa te vin rete san yon ekonomi depi lè a.

Konpoze ak tout sa, se santiman ke gouvènman an, dènye refij pwoteksyon endividyèl lan – gouvènman an – li kounye a reponsab pou enterè pwisan yo ki fè gwo donasyon yo – ke gouvènman nou an kounye a se gouvènman pa yo, epi nou pa yonn pami yo.

Laperèz ak kòlè sa – ki pa byen achemine – ap chèche yon ènmi – li ap chèche yon sib epi sib sa te vin tounen moun ke nou wè kòm diferan de nou menm yo – moun ki parèt diferan, ki gen yon koulè po diferan, yon relijyon diferan, yon seksyalite diferan, epi yo te vin tounen yon sib pou kòlè sa.

Men lè nou dyabolize diferans nou yo sa enjekte yon pwazon sosyal nan fabrik nasyon nou an. Espesyalman nan peyi sa, paske se yon nasyon ki konstwi sou diferans yo. Peyi sa pa fonde sou yon ras, oswa yon sèl relijyon, oswa yon sèl koutim. Nasyon sa fonde sou yon ideyal ak yon konvansyon. Epi konvansyon sa te aksepte pa anpil ras ak kilti. Dyabolizasyon diferans sa yo ap vante sou demokrasi nou an nan nwayo li, epi li atake fondman nasyon nou an.

Eta New York, nan divès fason, enkane ideyal Ameriken an. Nou se laboratwa eksperyans Ameriken an nan demokrasi. New York se kapèt akèy nan mond lan. Ellis Island se kote jenerasyon yo te siyen konvansyon Ameriken an. Eitati Libète a kanpe nan pò nou epi Nouyòkè yo kenbe flanbo a, epi jodi a, yo dwe kenbe flanbo sa pi wo epi flanbo sa dwe briye pi plis ke anvan.

New York gen yon responsabilite espesyal. Nou te toujou yon kapital pwogresif nan peyi sa. Nou te toujou konsyans sosyal la. Nou konnen kisa sa vle di pou kanpe epi raple peyi sa kisa sa vle di pou ou se yon Ameriken. Ke nwayo kwayans Ameriken nou an se ke nou se yon nasyon, anba Bondye, endivizib, kote ki gen libète ak jistis pou tout moun.

Sa se sa ki fè peyi sa espesyal sou tè a, se paske nou sipòte libète relijye pou tout moun epi nou pa fè diskriminasyon kont pèsòn. Deviz nasyon an se “E pluribus unum” – soti nan pakèt, yonn. Sa se règ Ameriken an, pwen final. Epi alòs si ou renmen peyi sa, si ou se yon Ameriken, alòs ou dwe aji tankou yonn, epi aksyon divizyon sa yo se opoze ekzat de kisa Amerik vle di.

Divizyon an dwe fini epi Nouyòkè yo pa pral espektatè enjistis. Sa se pa fason New York. Nou prak konbat seksis ak rasis ak sektaris tout kote nou wè yo.

Nou pral leve kanpe pou dwa imigran yo paske nou kwè ke divèsite nou se yon fòs, pa yon feblès.

Si gen yon mouvman pou depòte imigran, alòs mwen di kòmanse avèk mwen. Mwen se yon pitit gason imigran. Mwen se pitit gason Mario Cuomo, ki se pitit gason Andrea Cuomo, ki se yon imigran Italyen pòv ki te vini nan peyi sa san travay, san lajan, oswa resous, epi li te isi a sèlman pou pwomès Amerik lan.

Si nou depòte imigran yo alòs mwen mande, “Ki moun ki an sekirite ak kilès yo pral kite?” Paske nou tout se imigran. Si nou depòte imigran yo alòs sèl moun ki ap rete yo se Iroquois yo, Sioux yo ak Cherokee yo ak Apache yo. Otreman sonje, nou tout se vizitè sou tè sa.

Mesaj New York lan se yon mesaj tolerans, fratènite, ak inite. Se pa yon mesaj politik. Se pa yon mesaj politik Demokrat oswa Repibliken. Li pa liberal ni konsèvatif; se Règ Dore an ki se fondasyon pou lafwa pou moun yo nan mond lan. Matye nan Chapit 22:36-40 di nou, “Pwofesè, kisa ki se pi gwo kòmandman nan lalwa? Jezi te reponn: Renmen Senyè a Bondye ou an ak tout kè ou ak tout nanm ou epi ak tout lespri ou.”

Sa se premye ak pi gwo kòmandman an. Epi dezyèm lan se, “Renmen pwochen ou menm jan ou renmen pwòp tèt ou.”

Tout lwa ap pwofèt yo atache yo a de (2) kòmandman sa yo. Nan Ansyen Testaman an se Levitik ki te di, “Renmen pwochen ou menm jan ou renmen pwòp tèt ou.”

Kwayans sa nan renmen pwochen ou, Règ Dore a, li repete atravè Koran an pa pwofèt Mowamè, ki te di, “Okenn nan nou pa gen lafwa jiskaske li renmen pou frè li sa li renmen pou pwòp tèt li.”

Byen lontan anvan Lès ak Lwès te rankontre, Confucius te ekri nan ane 500 B.C., “Pa janm enpoze sou lòt moun sa ou pa t’ap janm chwazi pou pwòp tèt ou.”

Menm tradisyon Sanskrit yo nan End ansyen an te aprann nou, “Trete lòt moun menm jan ou ta trete pwòp tèt ou.”

Se yon verite etènèl epi sa yo se mo ke nou bezwen kenbe nan kè nou nan moman fènwa sa yo. Sa yo se mo ki dwe gide nou paske yo pral geri nou epi rasanble nou ansanm. Men se pa yon tan pou pawòl sèlman; se yon tan pou aksyon tou. Epi aksyon yo pral kòmanse nan New York.

Jan Martin Luther King te di nan diskou Mwen Gen yon Rèv li an (I Have a Dream), “Se pa moman pou angaje nou nan liks pou relakse.”

Nou dwe aji epi nou dwe aji kounye a. Mo sa yo, règ dore sa, enstwiksyon sa yo, manda inite ak fratènite sa, yo pa soti nan Bib la sèlman. Li se tou lwa tè a. Krim rayisab yo pa sèlman peche, yo ilegal tou. Nan moman tenèb sa, eta sa pral pote limyè pou elimine inyorans. Lè ou vyole yo se pa sèlman yon peche. Epi New York pa pral pèmèt pou yo vyole lalwa.

Nou pral ranfòse lalwa nan tout anplè li. Mwen ap òdone Lapolis Eta pou mete kanpe yon inite espesyal pou abòde eksplozyon krim rayisab yo nan eta nou an. Ak pwofesyonèl ki fòme yo nou pral fè ankèt sou chak ensidan epi pwosekite pèpetrè yo nan tout anplè lalwa.

Lalwa New York yo pral pwoteje chak sitwayen ak chak timoun. Mwen pral pwopoze nan mwa Janvyè sa pou elaji Lwa Dwa Imèn yo (Human Rights Law), pou pwoteje espesyalman chak timoun nan chak lekòl, alafwa piblik ak prive.

Nou pral asire ke chak jèn moun konnen lalwa peyi nou an, epi mwen pral voye yon lèt bay chak etidyan inivèsite yo pou eksplike yo dwa ak responsabilite yo antan ke sitwayen New York.

New York pral asire tou ke chak moun gen pwoteksyon legal yo, kit yo kapab peye pou li ou pa. Nou pral mete kanpe yon fon defans legal piblik-prive pou bay imigran yo ki pa kapab peye pou pwòp defans yo, asistans legal ke yo bezwen, paske nan New York nou kwè nan jistis pou tout moun.

An menm tan, New York pral travay pou abòde laperèz ke n’ap souliye a ki ap jenere sa an premye lye. Nou dwe abòde kesyon ensekirite ekonomik anvayisan an. Nou dwe bay

bon jan travay ki peye yon salè ki desan epi ki retabli pwomès mobilite ekonomik pou ke moun pa santi ke yo kole an plas epi ke yo pa gen avni. Nou dwe fòme travayè ki deplase yo. Moun santi ke yo p'ap jwenn pati ekitab pa yo nan gato Ameriken an – epi yo pa jwenn li. Men repons lan se pa batay ak pwochen ou pou moso gato a – pa batay pou ti rès yo moun rich yo kite an – repons lan se devlope gato ekonomik lan pou tout moun.

New York toujou konnen kisa Amerik sipoze ye. Epi nou dwe rele li byen fò depi sou tèt montay la. Nou dwe bay nasyon sa oryantasyon.

Nou dwe leve kanpe epi di, “Ou simaye laperèz epi nou pral simaye lanmou.”

Nou pral leve kanpe epi di, “Ou eseye separe nou epi nou pral kanpe pi fò pou nou chak.”

Nou pral leve kanpe epi di, “Wi nou se moun nwa, blan ak mawon – men nou se yon sèl.”

Nou pral leve kanpe epi di, “Nou se omo ak etero – men nou se yon sèl antan ke yon kominote.”

Nou pral leve kanpe epi di, “Wi nou se Kretyen, Mizilman ak Jwif – men nou se yon sèl.”

Nou pral di, “Wi nou endividyèl men tou nou se yon sèl kominote. Yon sèl fanmi.”

Pou nou leve kanpe epi di, “Wi nou gen diferans nou men resanblans nou yo pi fò epi gen yon kòd ki konekte chak grenn nan nou. Kòd la kapab envizib, men li toutfwà reyèl anpil. Epi kòd la konekte ou ak ou epi ou ak ou epi ou ak ou. Epi kòd la antrelase yon fabrik – fabrik kominote an – epi nou pral kanpe epi di, lè yo leve yonn nan nou, fabrik kominote sa leve nou tout, epi si yonn nan nou bese, nou tout bese.”

Nou isit la pou pataje avantaj ak fado yo. Nou isit la pou devlope yonn ak lòt epi investi yonn nan lòt. Sa se fason ki fè New York pi gwo eta nan peyi a. Nou pran relijyon ki diferan yo, kilti ki diferan yo epi nou te di ke nou pral fonksyone kòm yon fanmi. Nou pa sousye nou de koulè po ou oswa konbyen lajan ki nan pòch ou. Si ou aksepte lide Ameriken an, fason New York lan, nou pral travay ansanm ak ou epi devlope avèk ou. Sa se Rèv Ameriken an ki pral devlope nasyon sa. Separasyon se yon pwazon epi nou dwe mete fen nan li epi nou dwe mete fen nan li kounye a, epi New York pral pran devan pou montre wout la pou kwasans ki pozitif. Nou sonje kisa ki fè nasyon sa pi gwo nasyon sou tè sa. Nou pral kenbe rèv sa an vi epi nou pral batay pou nou kenbe rèv sa an vi, epi travay pou fè li vin tounen yon reyalitye pou nou tout.

###